

# Isa

## Chapter 45

Javanese Interlinear

Reference: Javanese Bible (SABDA)

אֲשֶׁר-	לְכוֹרֶשׁ	לְמִשְׁיָחוֹ	יְהוָה	אָמַר	כֹּה-	1
ingkang-	dhateng-Kores	dhateng-ingkang-kajebadan	Yéhuwah	pangandikané	Mekaten-	
	<a href="#">H3566</a>	<a href="#">H4899</a>	<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H0559</a>	<a href="#">H3541</a>	
לְפָנָיו		לְרֹד-	בְּיָמָיו	הַחֲזִיקָתִי		
wonten-ing-ngajengipun		supados-ngwasani-	asta-tengenipun	Ingsun-sampun-nyepeng		
<a href="#">H6440</a>		<a href="#">H7286</a>	<a href="#">H3225</a>	<a href="#">H2388</a>		
לְפָתָח	אֶפְתָּח	מְלָכִים	וּמַתְנִי	גוֹיִם		
supados-mbikak	Ingsun-badhé-mbikak	para-raja	lan-bangkekanipun	bangsa-bangsa		
		<a href="#">H4428</a>	<a href="#">H4975</a>			
יִסְגְּרוּ:	לֹא	וּשְׁעָרַיִם	דְּלָתַיִם	לְפָנָיו		
badhé-katutup	mboten	lan-gapura-gapura	lawang-kalih	wonten-ing-ngajengipun		
<a href="#">H5462</a>	<a href="#">H3808</a>	<a href="#">H8179</a>		<a href="#">H6440</a>		

Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah: "Iki pangandikaningSun marang wong kang Sunjebadi, marang Koresy kang Sunkanthi tangane tengen, Sunagen nelukake bangsa-bangsa kang ana ing ngarepe lan mblejedi para raja, Sunagem ngengakake lawang-lawang ing ngarepe lan supaya gapura-gapura aja terus mineb.

וְהָרַדְתִּים	אֵלַי	לְפָנָיו	אֲנִי	2
lan-ingkang-curam	badhé-tindak	wonten-ing-ngajeng-panjenengan	Ingsun	
<a href="#">H1921</a>	<a href="#">H3212</a>	<a href="#">H6440</a>	<a href="#">H0589</a>	
נְחוּשָׁה	דְּלָתוֹת	(אֲשֶׁר)	[אוֹשֶׁר]	
tembaga	Lawang-lawang	Ingsun-badhé-nglencengaken	[Ingsun-badhé-nglencengaken]	
<a href="#">H5154</a>		<a href="#">H3474</a>	<a href="#">H3474</a>	
אֲנֵפֵל:	בְּרִיחִי	וּבְרִיחִי	אֲשֶׁבֶר	
Ingsun-badhé-nyèmpal	wesi	lan-slarak-slarak	Ingsun-badhé-nggrusak	
<a href="#">H1438</a>	<a href="#">H1270</a>	<a href="#">H1280</a>	<a href="#">H7665</a>	

Ingsun piyambak bakal lumampah ana ing ngarepira sarta bakal ngrata gunung-gunung, bakal mbejadi lawang-lawang tembaga lan bakal nugeli slarak-slarak wesi.

וּמַטְמִנִּי	חֶפְזָךְ	אוֹצְרוֹת	לְךָ	וְנִתְּתִי	3
lan-raja-brana	pepeteng	bandha-raja	dhateng-panjenengan	Lan-Ingsun-badhé-maringi	
<a href="#">H4301</a>	<a href="#">H2822</a>	<a href="#">H0214</a>		<a href="#">H5414</a>	
הַקּוֹרָא	יְהוָה	אֲנִי	כִּי-	תִזְעַ	מִסְתַּגִּים
ingkang-nimbali	Yéhuwah	Ingsun	bilih-	panjenengan-pirsa	supados ingkang-sumimpèn
<a href="#">H7121</a>	<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H0589</a>		<a href="#">H3045</a>	<a href="#">H4616</a> <a href="#">H4565</a>
			יִשְׂרָאֵל:	אֱלֹהֵי	בְּשֵׁמִי
			Israèl	Gusti-Allah	kalayan-nami-panjenengan
			<a href="#">H3478</a>	<a href="#">H0430</a>	<a href="#">H8034</a>

Ingsun bakal maringi sira raja-brana kang kapendhem tuwin raja-darbe kang sinigidake, supaya sira sumurup, manawa Ingsun iki Yehuwah, Allaha Israel, kang nimbali sira kalawan nyebut jenengira.

מִלָּא Mila-IngSun-sampun-nimbali <a href="#">H7121</a>	בְּחִירָה pilihan-IngSun <a href="#">H0972</a>	יִשְׂרָאֵל lan-Israel <a href="#">H3478</a>	יַעֲקֹב Yakub <a href="#">H3290</a>	עַבְדִּי abdi-IngSun <a href="#">H5650</a>	לְמַעַן Kanggé <a href="#">H4616</a>	4
---	--	---	---	--	--	---

בְּשֵׁמִי kalayan-nami-panjenengan <a href="#">H8034</a>	לְךָ panjenengan
--	---------------------

וְלֹא senaosa-mboten <a href="#">H3808</a>	אֲכַנְךָ IngSun-sampun-maringi-sesebutaning-kamulyan-dhateng-panjenengan <a href="#">H3655</a>
--	--

יְדַעְתִּי:  
panjenengan-sampun-pirsa-IngSun  
[H3045](#)

Marga saka abdingSun Yakub lan Israel, pilihaningSun, IngSun banjur nimbali sira kalawan nyebut jenengira, paring sesebutan marang sira, sanadyan sira ora wanuh marang IngSun.

אֱלֹהִים Allah <a href="#">H0430</a>	אֵין mboten-wonten <a href="#">H0369</a>	זִוְלָתִי Kajawi-IngSun <a href="#">H2108</a>	עוֹד malih <a href="#">H5750</a>	וְאֵין lan-mboten-wonten <a href="#">H0369</a>	יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אֲנִי IngSun <a href="#">H0589</a>	5
--	--	---	--	--	--	--	---

יְדַעְתִּי: panjenengan-sampun-pirsa-IngSun <a href="#">H3045</a>	וְלֹא senaosa-mboten <a href="#">H3808</a>	אֲאִזְרֶךָ IngSun-nguataken-panjenengan <a href="#">H0247</a>
---	--	---

Iya IngSun iki Yehuwah ora ana liyane; kajaba IngSun ora ana allah maneh. IngSun wus paring gegamaning perang marang sira, sanadyan sira ora wanuh marang IngSun,

אֶפֶס mboten-wonten	כִּי- bilih-	וּמִמְעַרְבָּהּ lan-saking-kulon <a href="#">H4628</a>	שְׁמֶשׁ srengéngé <a href="#">H8121</a>	מִמְזַרְחָה- saking-wétan- <a href="#">H4217</a>	יָדְעוּ sami-pirsa <a href="#">H3045</a>	לְמַעַן Supados <a href="#">H4616</a>	6
------------------------	-----------------	--	---	--	--	---	---

: עוֹד malih <a href="#">H5750</a>	וְאֵין lan-mboten-wonten <a href="#">H0369</a>	יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אֲנִי IngSun <a href="#">H0589</a>	בְּלִעְדֵי kajawi-IngSun <a href="#">H1107</a>
--	--	--	--	--

supaya wiwit ing papan pletheking srengenge nganti tekan papan surupe, wong sumurup, manawa ing sajabaningSun ora ana liyane maneh. IngSun iki Yehuwah la ora ana liyane,

שְׁלוֹם tentrem <a href="#">H7965</a>	עֲשֵׂה Ingkang-ndamel	חֶשֶׁד pepeteng <a href="#">H2822</a>	וּבֹרָא lan-nitahaken	אוֹר pepadhang <a href="#">H0216</a>	יוֹצֵר Ingkang-mbentuk <a href="#">H3335</a>	7
---	--------------------------	---	--------------------------	--	--	---

ס §	אֱלֹהִים: punika <a href="#">H0428</a>	כָּל- sedaya- <a href="#">H3605</a>	עֲשֵׂה Ingkang-ndamel	יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אֲנִי IngSun <a href="#">H0589</a>	רַע bilai	וּבֹרָא lan-nitahaken
--------	--	---	--------------------------	--	--	--------------	--------------------------

kang ndadekake padhang lan nitahake peteng, kang damel begja lan cilaka; IngSun Yehuwah kang nindakake iki kabeh.

תְּבַתַּח- Mugi-mbikak-	צְדָקָה kaadilan <a href="#">H6664</a>	יָדְלוּ- mugi-nitih- <a href="#">H5140</a>	וּשְׁחָקִים lan-méga-méga <a href="#">H7834</a>	מִמְעַל saking-nginggil <a href="#">H4605</a>	שָׁמַיִם langit <a href="#">H8064</a>	הֲרַעֲפֵנוּ Mugi-ngetesaken <a href="#">H7491</a>	8
----------------------------	--	--	---	---	---	---	---

יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אֲנִי IngSun <a href="#">H0589</a>	יַחַד sesarengan	תְּחִמִּיחַ mugi-thukul <a href="#">H6779</a>	וּצְדָקָה lan-kaadilan <a href="#">H6666</a>	יִשַׁע karahayon <a href="#">H3468</a>	וַיִּפְרוּ- lan-mugi-awoh- <a href="#">H6509</a>	אֲרֶץ bumi <a href="#">H0776</a>
--	--	---------------------	---	--	--	--	--

ס  
§ בְּרֵאתֵינוּ:  
sampun-nitahaken-piyambakipun

He langit, netesna kaadilan saka ing dhuwur, tuwin cikben disokake dening mendhung! Bumi kareben ngengakake badane lan metokake trubusaning kaslametan, apamaneh cikben nuwuhake kaadilan! Iya Ingsun iki Yehuwah kang nitahake iki kabeh.”

אֶת- * <a href="#">H0854</a>	חֶרֶשׁ pecahan-grabah <a href="#">H2789</a>	יִצְרָו Ingkang-mbentuk-piyambakipun <a href="#">H3335</a>	אֶת- * <a href="#">H0854</a>	רֶב ingkang-padu <a href="#">H7378</a>	הוּי Bilai <a href="#">H1945</a>	9
לִיצְרוֹ dhateng-tukang-gawé-grabahipun <a href="#">H3335</a>	חֶמְרָה lempung <a href="#">H0559</a>	הַיְאֹמֶר Menapa-badhé-ngandika <a href="#">H0559</a>	אֲדָמָה bumi <a href="#">H0127</a>	חֶרֶשִׁי pecahan-pecahan <a href="#">H2789</a>		
יָדַיִם asta <a href="#">H3027</a>	אֵינֶן mboten-wonten- <a href="#">H0369</a>	וּפְעֻלָּהּ Lan-pandamel-panjenengan <a href="#">H6467</a>	תַּעֲשֶׂה panjenengan-ndamel <a href="#">H4100</a>	מָה- Menapa- <a href="#">H4100</a>		
			ס §	לִוּ: kanggé-piyambakipun		

Bilai wong kang padu kalawan Kang Nitahake; ora liya iku mung wingka pecahan kendhil! Apa lempung bakal celathu marang kundhi: “Apa kang kokgawe?” utawa marang apa kang wus digawe: “Kowe iku ora duwe tangan!”

וּלְאִשָּׁה lan-dhateng-ibu <a href="#">H0802</a>	תּוֹלִיד panjenengan-peputra <a href="#">H3205</a>	מָה- Menapa- <a href="#">H4100</a>	לְאָב dhateng-bapa <a href="#">H0001</a>	אָמֵר ingkang-ngandika <a href="#">H0559</a>	הוּי Bilai <a href="#">H1945</a>	10
			ס §	תְּחִילִין: panjenengan-nglairaken <a href="#">H4100</a>	מָה- Menapa- <a href="#">H4100</a>	

Bilai wong kang celathu marang bapakne: “Apa kang kokanakake?” lan marang ibune: “Apa kang koklairake?”

יִצְרָו lan-Ingkang-mbentukipun <a href="#">H3335</a>	יִשְׂרָאֵל Israèl <a href="#">H3478</a>	קָדוֹשׁ Ingkang-Maha-Suci <a href="#">H6918</a>	יְהוָה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אָמֵר pangandikané <a href="#">H0559</a>	כֹּה- Mekaten- <a href="#">H3541</a>	11
פְּעֵל pandamel <a href="#">H6467</a>	וְעַל- lan-bab- <a href="#">H5186</a>	בְּנֵי putra-putra-Ingsun <a href="#">H5186</a>	עַל- bab- <a href="#">H7592</a>	שְׂאֵל וְנִי matur-dhateng-Ingsun <a href="#">H7592</a>	הָאֲתִיּוֹת Tandha-tandha <a href="#">H0857</a>	
			תְּצַוֵּנִי: panjenengan-préntahaken-dhateng-Ingsun <a href="#">H6680</a>	יָדַי asta-Ingsun <a href="#">H3027</a>		

Mangkene pangandikane Sang Yehuwah, Kang Mahasuci, Gusti Allah kang nitahake Israel: “Apa sira kang matur pitakon marang Ingsun bab putra-putraningSun, utawa kang prentah marang Ingsun bab apa kang kadamel dening astaningSun?”

	עֲלֶיךָ wonten-ing-piyambakipun <a href="#">H5186</a>	וְאָדָם lan-manungsa <a href="#">H0120</a>	אֲרֶץ bumi <a href="#">H0776</a>	עֲשִׂיתִי sampun-ndamel <a href="#">H0595</a>	אֲנֹכִי Ingsun <a href="#">H0595</a>	12
וְכָל- lan-sedaya- <a href="#">H3605</a>	שָׁמַיִם langit <a href="#">H8064</a>	נָטוּ sampun-njembaraken <a href="#">H5186</a>	יָדִי asta-Ingsun <a href="#">H3027</a>	אֲנִי Ingsun <a href="#">H0589</a>	בְּרַאֲתִי Ingsun-sampun-nitahaken <a href="#">H0589</a>	
			צִוִּיתִי: Ingsun-sampun-préntahaken <a href="#">H6680</a>	צְבָאָם wadya-balanipun <a href="#">H6680</a>		

Iya Ingsun iki kang yasa bumi lan kang nitahake manungsa ana ing kono; iya astaningSun iki kang nggelar langit, lan iya Ingsun kang ngereh sakehing balane.

13  
 אַנְכִּי Ingsun [H0595](#)  
 הַעִיר־תְּהוֹן sampun-nggugah-piyambakipun [H5782](#)  
 בְּצֶדֶק ing-kaadilan [H6664](#)  
 וְכֹל- lan-sedayaya- [H3605](#)  
 דְּרָכָיו margi-marginipun [H1870](#)

אִישׁ־ Ingsun-badhé-nglencengaken [H3474](#)  
 הוּא־ Piyambakipun- [H1931](#)  
 יְבִנֶה badhé-mbangun [H1129](#)  
 עִירִי kitha-Ingsun

וְגִלּוֹתַי lan-para-tawanan-Ingsun [H1546](#)  
 יְשַׁלַּח piyambakipun-badhé-ngluwari [H7971](#)  
 לָא Mboten [H3808](#)  
 בְּמַחִיר kanggé-réga [H4242](#)  
 וְלֹא lan-mboten [H3808](#)

בְּשֹׁחַר kanggé-sogokan [H7810](#)  
 אָמַר pangandikané [H0559](#)  
 יְהוָה Yéhuwah [H3068](#)  
 צְבָאוֹת: Tsèba'oth

Iya Ingsun iki kang ngobahake Koresy kalawan karsaningSun arep paring kaslametan, tuwin Ingsun bakal ngrata dalane kabeh; iya dheweke iku kang bakal mbangun kuthaningSun, sarta kang bakal ngluwari para wongingSun kang padha ana ing pambuwangan, tanpa bayaran lan tanpa besel,” mangkono pangandikane Pangeran Yehuwah Gustining sarwa tumitah.

14  
 וְכֹה Mekaten [H3541](#)  
 אָמַר pangandikané [H0559](#)  
 יְהוָה Yéhuwah [H3068](#)  
 יָגִיעַ Hasil-pandamel [H3018](#)  
 מִצְרַיִם Mesir [H4714](#)  
 וְסַחֲר־ lan-dagangan- [H5505](#)  
 בּוֹשׂ Etiopia

וְסַבְּאִים lan-tiyang-Sèba [H5436](#)  
 אֲנָשִׁי tiyang-tiyang [H0376](#)  
 מְדִינָה jangkung  
 עָלֶיךָ Dhateng-panjenengan  
 יַעֲבִרוּ badhé-langkung

וְלָךְ lan-kanggé-panjenengan [H1961](#)  
 יְהוִי badhé-dados  
 אַחֲרַיִךְ Ing-wingking-panjenengan  
 וְלִכְנֹ וְלִכְנֹ ing-ranté [H3212](#)  
 בְּזִקִּים

יַעֲבִרוּ badhé-langkung  
 וְאַלְיָךְ Lan-dhateng-panjenengan [H0413](#)  
 יִשְׁתַּחֲוּוּ badhé-sujud [H7812](#)  
 אֲלֶיךָ Dhateng-panjenengan [H0413](#)  
 יִתְפַּלְּלוּ badhé-ndedonga [H6419](#)

נָמִינְג Naming [H0389](#)  
 בְּךָ wonten-ing-panjenengan  
 אֵל Allah [H0410](#)  
 וְאִין lan-mboten-wonten [H0369](#)  
 עוֹד malih [H5750](#)  
 אֶפְסֹס mboten-wonten  
 אֱלֹהִים: Allah-sanès [H0430](#)

Mangkene pangandikane Pangeran Yehuwah: “Pametuning tanah Mesir lan sakehing kauntungane Etiopia lan para wong ing Syeba, para wong kang pawakane dhuwur, bakal padha ngalih marang tanahira tuwin dadi duwekora, iku bakal padha lumaku ana ing burinira kalawan dirante; bakal padha sujud marang sira sarta bakal ngempek-empek marang sira kalawan tembung: Namung wonten ing tengah-tengah paduka Gusti Allah punika, tuwin sanesipun boten wonten; kajawi Panjenenganipun boten wonten allah sanesipun!

15  
 אֵיךְ Saèstu [H0403](#)  
 אֲתָה Panjenengan [H0410](#)  
 אֵל Allah [H0410](#)  
 מִסְתַּתֵּר ingkang-ndhelik [H5641](#)  
 אֱלֹהֵי Gusti-Allah [H0430](#)  
 יִשְׂרָאֵל Israèl [H3478](#)  
 מוֹשִׁיעַ: Juru-wilujeng [H3467](#)

Sanyata, Paduka punika Gusti allah ingkang sesingidan, Gusti Allahipun Israel, Sang Juruwilujeng.

16  
 בּוֹשׂוּ Wirang [H0954](#)  
 וְגַם- lan-ugi- [H1571](#)  
 נִכְלָמוּ isin [H3637](#)  
 כָּלֵם sedayanipun [H3605](#)  
 יַחְדָּו Sesarengan [H1980](#)  
 תְּכַלְמֶנָּה ing-kawirangaken [H3639](#)

חֲרָשֵׁי para-tukang-nggawé [H2796](#)  
 צִירִים: brahala [H6736](#)

Nanging para tukang brahala kudu mundur kalawan wirang, kabeh bakal kawirangan lan pancen kalepetan ing wirang.

	לא- Mboten- <a href="#">H3808</a>	עולמים langgeng <a href="#">H5769</a>	תשועת karahayon <a href="#">H8668</a>	ביהוה déning-Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	נושע kawilujengaken <a href="#">H3467</a>	ישראל Israèl <a href="#">H3478</a>	17
עולמי selaminipun <a href="#">H5769</a>	עד- ngantos- <a href="#">H5704</a>	תכלמו panjenengan-badhé- <a href="#">H3637</a>	ולא- lan-mboten- <a href="#">H3808</a>	תבשו panjenengan-badhé-wirang <a href="#">H0954</a>			
					פ ¶	עד: selami-laminipun <a href="#">H5703</a>	

Dene Israel kaparingan karahayon dening Sang Yehuwah karahayon kang langgeng; sira ora bakal padha kawirangan tuwin ora bakal kalepetan wirang nganti ing salawase lan ing sateruse.”

הוא Panjenenganipun <a href="#">H1931</a>	השמים langit <a href="#">H8064</a>	בורא Ingkang-nitahaken <a href="#">H0559</a>	יהוה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אמר- pangandikané- <a href="#">H0559</a>	כה mekaten <a href="#">H3541</a>	כי Amargi	18
הוא Panjenenganipun <a href="#">H1931</a>	ועשה lan-ndamel-piyambakipun <a href="#">H1931</a>	הארץ bumi <a href="#">H0776</a>	יצר Ingkang-mbentuk <a href="#">H3335</a>	האלהים Gusti-Allah <a href="#">H0430</a>			
ברא Panjenenganipun-nitahaken-piyambakipun <a href="#">H3808</a>	תהו kosong <a href="#">H8414</a>	לא- Mboten- <a href="#">H3808</a>	קוננה sampun-ndhasaraken-piyambakipun <a href="#">H3808</a>				
יהוה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>	אני Ingsun <a href="#">H0589</a>	יצרה Panjenenganipun-mbentuk-piyambakipun <a href="#">H3335</a>			לשבת kanggé-dipanggèni <a href="#">H3427</a>		
					עוד: malih <a href="#">H5750</a>	ואין lan-mboten-wonten <a href="#">H0369</a>	

Sabab mangkene pangandikane Sang Yehuwah, kang nitahake langit, -- iya Panjenengane iku Gusti Allah -- kang karya bumi lan kang yasa sarta kang nyantosakake iku, -- apadene anggone nitahake iku ora banjur disuwungake, nanging iku katitahake supaya dienggoni --: “Iya Ingsun iki Yehuwah lan ora ana liyane.

לא Mboten <a href="#">H3808</a>	חשך peteng <a href="#">H2822</a>	ארץ bumi <a href="#">H0776</a>	במקום ing-papan <a href="#">H4725</a>	דברתי Ingsun-sampun-ngandika <a href="#">H1696</a>	בסתר ing-singidan <a href="#">H3808</a>	לא Mboten <a href="#">H3808</a>	19
אני Ingsun <a href="#">H0589</a>	בקשני Madosi-Ingsun <a href="#">H1245</a>	תהו ing-kosong <a href="#">H8414</a>	יעקב Yakub <a href="#">H3290</a>	לירע dhateng-turun-ipun <a href="#">H2233</a>	אמרתי Ingsun-sampun-ngandika <a href="#">H0559</a>		
			מישרים: kayekten <a href="#">H4339</a>	מניד martosaken <a href="#">H5046</a>	צדק kaadilan <a href="#">H6664</a>	דבר ngandika <a href="#">H1696</a>	יהוה Yéhuwah <a href="#">H3068</a>

Ora tau Ingsun ngandika kalawan asingidan tuwin ana ing panggonan ing bumi kang peteng. Ora tau Ingsun dhawuh marang turuning Yakub supaya ngupaya Ingsun kalawan nglaha! Ingsun, Yehuwah, manawa ngandika mesthi bener, sarta tansah martakake apa kang sanyata.”

לא Mboten H3808 הגוים bangsa-bangsa פליטי para-ingkang-oncat יחדו sesarengan התננשו Nyelaki-a H5066 נכאו lan-rawuh-a H0935 הקבצו Ngumpula H6908 20

אל allah H0410 אל- dhateng- H0413 ומתפללים lan-ndedonga H6419 פסלם recanipun H6459 עץ kayu H6086 את- \* H0853 הנשאים ingkang-nggotong H5375 ידעו pirsá H3045

יושיע: saged-mitulungi H3467 לא ingkang-mboten H3808

“Sira padha nglumpuka lan padha mrenea, padha majua bebarengan, he sira kabeh kang padha oncat saka ing antarane para bangsa! Iku padha ora duwe kawruh wong kang padha ngarak recane kayu lan kang padha ndedonga marang allah kang ora bisa aweh karahayan.

השמיע sampun-pirsakaken H8085 מי Sinten H4310 יחדו sesarengan יועצו mugi-rembugan H3289 אף Malah H0637 והגישו lan-majeng-na H5066 הנדו Martosaken-a H5046 21

אני Ingsun H0589 הלוא Menapa-sanès H3808 הנדוה sampun-martosaken-piyambakipun H5046 מאז Saking-rumiyin מקדם saking-kina זאת punika H2063

ומושיע lan-Juru-wilujeng H3467 צדיק adil H6662 אל- Allah- H0410 מבקעי kajawi-Ingsun H1107 אלהים Allah H0430 עוד malih H5750 ואין Lan-mboten-wonten- H0369 והנה Yéhuwah H3068

זולתי: kajawi-Ingsun H2108 אין mboten-wonten H0369

Sira padha nerangna lan mratelakna alasanira, cikben padha rerembukan bebarengan: Sapa kang aweh pawarta bab iki wiwit jaman kuna mula, tuwin kang mratelakake wiwit biyen? Apa dudu Ingsun, Yehuwah? Ora ana liyane, ora ana allah liyane kajaba Ingsun! Allah kang adil lan kang jumeneng Juru-slamet, ora ana liyane kajaba Ingsun!

כי Amargi H0776 ארץ bumi H0776 אפסי- pungkasanipun- H0776 כל- sedaya- H3605 והנשעו lan-kawilujengaken-a H3467 אלי dhateng-Ingsun H0413 פנו- Mengo-a- H6437 22

עוד: malih H5750 ואין lan-mboten-wonten H0369 אל Gusti-Allah H0410 אני Ingsun- H0589

Padha sowana marang ing ngarsaningSun supaya sira padha kaparingan slamet, he poncot-poncoting bumi! Sabab iya Ingsun iki Allah lan ora ana liyane.

מפי saking-tutuk-Ingsun H6310 יצא Sampun-kawiyos H3318 נשבעתי Ingsun-sampun-supaos H7650 כי Kalayan-Ingsun-piyambak 23

תכרע badhé-jengkèng H3766 ל dhateng-Ingsun כי- Bilih- ישוב badhé-wangsul H7725 ולא lan-mboten H3808 דבר pangandika H1697 צדקה kaadilan H6666

לשון: ilat H3956 כל- saben- H3605 תשבע badhé-supaos H7650 בך dhengkul H1290 כל- saben- H3605

Demi Ingsun piyambak Ingsun wus supaos, saka ing tutukingSun wus kalair kabeneran, pangandika kang ora bakal kaceled; sarta kabeh wong bakal padha sujud jengkeng ana ing ngarsaningSun sarta padha sumpah manawa bakal setya marang Ingsun, kanthi migunakake sakehing basa,

וְעַז	צְדָקוֹת	אָמַר	לִי	בֵּיתוּהָ	אֵד	24
lan-kakiyatan	kaadilan	badhé-ngandika	dhateng-Ingsum	ing-Yéhuwah	Naming	
<a href="#">H5797</a>	<a href="#">H6666</a>	<a href="#">H0559</a>		<a href="#">H3068</a>	<a href="#">H0389</a>	

הַנְּחָרִים	כֹּל	וְיָבֹשׁוּ	יָבֹא	עָדִיו	
ingkang-ngèrèh	sedaya	lan-wirang	badhé-rawuh	Dhateng-Panjenenganipun	
<a href="#">H2734</a>	<a href="#">H3605</a>	<a href="#">H0954</a>	<a href="#">H0935</a>	<a href="#">H5704</a>	

בוֹ :  
dhateng-Panjenenganipun

kalawan celathu: Kaadilan lan kasantosan iku mung tinemu ana ing Pangeran Yehuwah. Sakehe wong kang wus nepsu marang Panjenengane bakal padha sowan ing ngarsane lan bakal nandhang wirang,

יִשְׂרָאֵל :	זָרַע	כָּל-	וַיִּתְהַלְלוּ	יְצַדְקֵנוּ	בֵּיתוּהָ	25
Israèl	turun-ipun	sedaya-	lan-badhé-cumongga	badhé-kaanggep-leres	Ing-Yéhuwah	
<a href="#">H3478</a>	<a href="#">H2233</a>	<a href="#">H3605</a>		<a href="#">H6663</a>	<a href="#">H3068</a>	

nanging turune Israel kabeh bakal kacihna manawa bener lan bakal rumangsa begja ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah.”